

Oryantasyon pou Endistri Ospitalite Eta New York sou Inifòm

Nan endistri ospitalite a, patwon yo dwe achte inifòm ki obligatwa oswa yo dwe ranbouse anplwaye yo pou inifòm nan. Patwon yo responsab tou pou peye pou antretyen inifòm obligatwa yo. Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York responsab pou aplike dispozisyon Lwa Travay (Labor Law) sa yo, epitou depatman an bay oryantasyon ki endike anba la yo pou ede ou konfòme epi pou ede ou evite fè depans pou antretyen inifòm.

Evite Peye Lajan pou Antretyen Inifòm: Frè pou achte ak antretyen inifòm kapab ogmante. Yon patwon kapab evite fè depans pou achte ak antretyen inifòm depi li fè **youn** nan sa ki endike anba ka a:

- Mete yon kòd abiman anplas olye li egzije yon inifòm. Pèmèt anplwaye yo mete rad òdinè ki gen yon koulè oswa yon estil espesyal. Pa bay twòp presizyon sou kò abiman an (endike mak yo, magazen detayan espesyal pou achte, detay sou rad la, elatriye) oswa ou ka responsab pou achte atik yo epitou ou ka gen pou peye anplwaye yo pou yo netwaye rad yo.

Kisa yon inifòm ki obligatwa ye? Yon inifòm obligatwa se rad yon patwon egzije anplwaye yo pou yo mete pandan yo nan travay. Sa gen ladan rad anplwaye yo dwe mete pou yo konfòme yo avèk lwa, règ oswa règleman federal, leta, vil oswa lokal. Rad ki gen logo biznis yon patwon sou li, oswa lòt reklam biznis lan se yon inifòm ki obligatwa. Yon patwon dwe achte inifòm sa yo epitou yo dwe peye anplwaye yo pou yo netwaye kalite inifòm obligatwa sa a.

Kisa yon inifòm ki pa obligatwa ye? Rad ki regilye, debaz ak òdinè, yon anplwaye kapab mete pandan li pa nan travay, pa yon inifòm ki obligatwa. Pa egzanp, pantalon nwa, chemiz blan pou abiye, chemiz polo nwa, elatriye. Yon patwon pa gen pou achte oswa peye anplwaye yo pou yo lave rad regilye a.

- Bay yon etikèt ki gen non oswa tabliye yon anplwaye mete avèk rad regilye oswa avèk yon kòd abiman. Kite etikèt ki gen non oswa tabliye yo nan espas travay la epi netwaye yo poukont ou.
- Achte epi bay yon inifòm ki obligatwa ki "lave ak ize." Sa a se yon inifòm yon anplwaye kapab lave san pwoblèm avèk rad regilye, epi li kapab mete li pou travay san anplwaye pa lave li asèk, san anplwaye a pa pase li. Pa egzanp, yon chemiz ki gen yon logo kapab "lave ak ize." Bay chak anplwaye ase nan inifòm sa yo pou yo mete, ki annamoni avèk kantite jou mwayen pa semèn anplwaye a travay.
- Lave inifòm anplwaye yo poukont ou. Swa bay responsablite lesiv la pou yon anplwaye oswa voye inifòm yo nan yon sèvis lesiv. Fè anplwaye yo abiye pandan yo nan travay epi fè yo remèt inifòm yo mete a anvan yo ale. Si anplwaye yo chwazi pou lave inifòm yo poukont yo olye yo itilize sèvis patwon an bay la, lè sa a ou pa gen pou peye pou antretyen inifòm nan toutotan sèvis lesiv la gratis, fonksyonèl, epi fèt souvan yon fason rezonab. Asire ou fè anplwaye yo konnen sèvis lesiv ou bay la alekri, tankou yon afich oswa nan manyèl enfòmasyon ou bay pou anplwaye a.

Si ou chwazi pou pa fè antretyen inifòm ki obligatwa yo pou anplwaye yo, w ap responsab pou peye anplwaye yo yon sèten kantite lajan chak semèn, anplis salè regilye yo pa èdtan, pou yo lave inifòm obligatwa pa yo. Kantite lajan ou dwe peye a depannde kantite èdtan yon anplwaye travay pa semèn (gade anba la a). Ou pa kapab konpanse antretyen inifòm yo avèk manje oswa lojman gratis.

	Fèb (20 èd pa semèn oswa mwens)	Mwayen (plis pase 20 èdtan pa semèn ak apeprè 30)	Wo (plis pase 30 èdtan pa semèn)
1/1/2024 – 12/31/2024			
NYC	\$9.50	\$15.75	\$19.90
Long Island ak Westchester	\$9.50	\$15.75	\$19.90
Rès New York	\$8.95	\$14.80	\$18.65